



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK MICRON ANONSE MANM KOMITE ANGAJMAN
KOMINOTÈ YO POU KONSEYE SOU PWOJÈ SEMIKONDIKTÈ K AP MENNEN NAN
NASYON AN**

*Lidè rejyonal ki pwouve ki se Melanie Littlejohn ak Tim Penix pral dirije Komite
Angajman Kominotè Micron an kòm Ko-Prezidan*

*Komite a pral devlope yon dokiman priyorite kominotè pou gide estrateji nan kèk
domèn tankou sipòte popilasyon ki pa reprezante ase yo, devlopman mendèv,
gadri ak lojman*

Gouvènè Kathy Hochul ak Micron Technology, Inc. te anonse jodi a manm Komite Angajman Kominotè Micron yo, reprezantan ki soti nan New York Santral ak Micron ki pral sipòte estrateji investisman kominotè konpayi an. Komite a konpoze ak moun ki gen enterè lokal yo pou asire patisipasyon ki gen sans ak baz diskisyon sou aplikasyon ak investisman Micron nan rejyon an, epi li pral genyen senk manm ansyen ofisye tou. Fòmasyon gwoup sa a se yon eleman enpòtan nan akò [Kad Investisman Kominotè](#) a ki te fè ant Eta New York ak Micron an oktòb 2022.

"Investisrik Micro nan New York Santral pral pote kwasans tranfòmasyonèl nan rejyon an ak nan eta nou an, epi pou yon pwojè nan ki nan anplè sa a, li enpòtan anpil pou rezidan lokal yo gen yon syèj bò tab la", **deklarasyon Gouvènè Hochul**. "Edikatè, defansè, ak lidè kominotè ki angaje yo ki fòme Komite Angajman Kominotè Micron an reprezante sa ki pi bon nan New York Santral epi yo pral travay pou asire ke investisman Micron – ki gen ladan Fon Investisman Kominotè 500 milyon dola – satisfè bezwen kominote sa a. Mwen pa ka tann yon patenarya kontinyèl ak Micron, komite a, ak tout patnè lokal, eta ak federal nou yo pandan n ap travay pou konstwi yon sant fabrikasyon pis nan Eta New York."

[Investisman planifye jiska 100 milya dola](#) istorik Micron an pandan plis pase 20 ane k ap vini yo pou konstwi yon nouvo megafabrikasyon nan Clay, New York, ki prevwa ede kreye 50,000 djòb dirèk ak endirèk, te rive posib gras ak pwogram Green CHIPS Gouvènè a ak sibvansyon federal yo prevwa ak kredi enpo ki soti nan Lwa sou CHIPS ak Syans (CHIPS and Science Act) lan. Komite a pral travay avèk Micron, Empire State Development (ESD), gouvènman lokal yo ak moun ki gen enterè rejyonal yo pou devlope yon Dokiman Priyorite Kominotè - yon estrateji direktè pou investi finansman

yo bay nan Kad Envestisman Kominotè Micron an opòtinite ki deja egziste ak nouvo pou rezidan yo, ki gen ladan priyorite espesifik pou kominote ki pa reprezante ase yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Micron an Sanjay Mehrotra, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou nan New York Santral pou selebre avèk Gouvènè Hochul, manm Komite Angajman Kominotè Micron ki fèk nonmen yo ak lòt patnè lokal yo pwogrè remakab ki te fèt depi nou te anonse sit megafabrkasyon memwa dènnye kri nou an isit la sis mwa de sa. Fon Envestisman Kominotè Green CHIPS 500 milyon dola a pral ede konstwi ak transfòme yon mendèv pou lavni, epi Komite Angajman Kominotè Micron a pral asire ke gwo avantaj ak opòtinite investisman nou yo pral pote nan New York Santral yo disponib pou tout moun."

Melanie Littlejohn, Vis Prezidan pou Jesyon Kliyan ak Kominote New York la nan National Grid, ak Tim Penix, Vis Prezidan Syracuse Educational Opportunity Center (Sant Opòtinite Edikatif Syracuse), yo te chwazi l kòm ko-prezidan komite a akòz dosye yo ak ekspèti pwouve yo nan sèvis piblik la epi yo pral ede nan jesyon fon sa a pou amelyore lavi Nouyòkè Santral yo. Anplis ko-prezidan yo, manm Komite yo se:

- April Arnzen - *Vis Prezidan Prensipal ak Direktè Resous Imen Anchèf*, Micron
- Karen Belcher - *Direktè Egzekitif*, Food Bank of Central New York
- Donna DeSiato - *Sipè-entandan*, East Syracuse Minoa School District
- Evèk Ronald Dewberry - *Pastè Prensipal*, New Life Temple of Praise
- Kristi Eck - *Chèf Kabinè*, SUNY Oswego
- Courtney Geduldig - *Vis Prezidan Kòporasyon*, Zafè Piblik ak Gouvènmantal Global, Micron
- Mark Hall - *Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral*, Syracuse Community Health
- Jasenko Mondom - *Espesyalis Anplwa*, Pwogram Asistans Refijye nan Syracuse City School District
- Meg O'Connell - *Direktè Egzekitif*, Allyn Family Foundation
- Hazel Powless - *Haudenosaunne Environmental Task Force (Gwoup Travay Anviwònmantal Haudenosaunne)*, Onondaga Nation
- Kerry Quaglia, *Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral*, Home Headquarters
- Sheena Solomon - *Direktè Egzekitif*, The Gifford Foundation

Manm Defakto

- Rob Beard - *Vis Prezidan Prensipal (SVP) ak Avoka Jeneral*, Micron
- Kevin Younis - *Direktè Eksplwatasyon ak Komisè Adjwen Egzekitif*, Empire Statey Development
- Isabelle Harris - *Direktè Inisyativ Estratejik*, Konte Onondaga
- Sharon Owens - *Adjwen Majistra*, Vil Syracuse
- Damian Ulatowski - *Sipèvizè*, Vil Clay

Komite a pral konsantre sou devlopman mendèv ak divèsite nan mendèv la; edikasyon ak fòmasyon nan domèn STEM pou kreye opòtinite pou travay ki byen peye nan Micron ak patnè chèn apwovizyonman yo; ekspansyon lojman ki an sekirite ak abòdab; kraze

baryè nan mendè v la tankou gadri ak transpò ak amelyorasyon nan byen ak enstitisyon kominotè yo ak enstitisyon ki kontribye nan idantite sivik ak byennèt. Sa pral finalman enfòmè yon dokiman ke yo pral itilize kòm yon fèyde wout ki pèmèt patisipasyon ak/oswa amelyorasyon odela objektif inisyal efò sa a.

Travay Komite a pral konplete [Biwo Gouvènè a pou Ekspansyon, Jesyon ak Entegrasyon Semikondiktè](#) (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management and Integration, GO SEMI) tou ki fèk anonse a, ki pral dirije pa ESD epi ki pral sipòte pa ekspè ki soti nan plizyè ajans eta yo. Biwo a pral travay an kowòdinasyon ak patnè federal ak lokal yo epi kowòdone envestisman nan endistri semi-kondiktè a, l ap fasone epi aplike yon modèl nasyonal ki pi laj pou maksimize sektè a ak retou kominotè pou patenarya piblik/prive sa yo.

Ko-Prezidan Komite Angajman Kominotè Micron an, Melanie Littlejohn, te deklare, "Se yon onè pou Gouvènè Hochul te chwazi m pou m reprezante Nouyòkè Santral yo nan Komite Angajman Kominotè Micron an. Mwen te enpresyone pa angajman Micron, pati konsène Eta ak federal yo pou envesti nan kominote lokal la depi nan premye reyinyon yo. Benefis efò sa yo prale odela premye anbochaj li yo - vag montan sa a pral leve elèv nou yo, pwopriyete ti biznis nou yo, bankye divèsifye nou yo, founisè gadri nou yo ak anpil lòt moun isit la nan vil mwen an, Syracuse."

Ko-prezidan Komite Angajman Kominotè Micron an, Tim Penix, te deklare, "Konstwi yon izin ak mendè v li ki gen plizyè milye moun pa fèt jodi pou rive demen. Micron ak Gouvènè Hochul ap fè travay jodi a pou mennen kominote sa a nan yon opòtinite jenerasyonèl pou rejwenn endistri teknoloji a epi fè pati inovasyon lejandè Etazini an. Enstitisyon edikatif New York Santral yo pa gen parèy. Mwen kontan anpil pou m reprezante plizyè milye etidyan, soti nan apranti rive nan kandida doktora, ki pral jwenn opòtinite nan Micron."

Vis Prezidan Senior ak Ofisye Chèf Pèp Micron April Arnzen te di, "Chak Nouyòkè Santral ta dwe kapab benefisye nan transfòmasyon ki pral ankouraje pa opòtinite inik k ap fèt nan lakou pa yo. Nou kontan travay avèk Tim, Melanie ak divès manm Komite a pou asire enpak envestisman lokal Micron an pozitif, pou li gen gran anplè ak benefisye *tout moun*. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak patnè federal, eta ak lokal nou yo pou devouman yo nan pozisyon New York kòm yon lidè nan fabrikasyon semi-kondiktè domestik ak rekonesans yo ke devlopman ekonomik ki santre sou kominote a se kle nan siksè alontèm."

Lidè Majorite Sena a Charles Schumer te deklare, "Pa gen dout ke envestisman 100 milya dola Micron fè nan New York Santral la pral fondamantalman transfòmè rejyon an ak tout nò Eta New York, sa k ap fè l tounen yon sant mondyal pou fabrikasyon ak inovasyon ak pote dè dizèn milye travay ki byen peye nan eta. Yon eleman enpòtan pou asire siksè alavni pwojè sa a se bati ak devlope yon mendè v pou lavni. Komite Angajman Kominotè Micron an pral jwe yon wòl enpòtan nan asire ke tout Nouyòkè Santral yo, kèlkeswa orijin yo, yo ekipe ak konpetans epi yo bay yo sipò pou garanti nouvo djòb fabrikasyon ak inovasyon sa yo ki fè pis memwa ki pi avanse nan mond lan.

Mwen tèlman kontan wè enpak enkwayab ke nouvo manm Komite a pral genyen nan devlope yon estrateji direktè pou asire siksè investisman Micron pou chanje jwèt la pou tout kominote CNY la."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Investisman fòmèdab Micron pral pote jiska 50,000 djòb nan New York Santral. Komite Angajman Kominotè a pral bay Nouyòkè yo yon plas bò tab la, epi asire mendèv New York la resevwa fòmasyon pou travay STEM ki byen peye ki pral ranfòse ekonomi avanse nou an epi prepare wout la pou lidèchip Etazini an nan teknoloji semi-komdiiktè a. Sa ki pi enpòtan, li pral ede Nouyòkè yo - espesyalman zòn riral ki pa reprezante ase yo - ak sipò pou bagay tankou bon jan kalite gadri, investisman nan edikasyon, filantropi, ranfòsman kominotè, ak plis ankò."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "New York te fè anpil investisman estratejik pou atire endistri semikondiktè a epi investisman sa yo, ansanm ak pwogram Green CHIPS Eta a epi Lwa federal sou CHIPS ak Syans lan, New York pare pou wè yon kwasans san parèy atravè eta a pandan n ap konstwi ekosistèm endistri semi-kondiktè a. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pran pou devlope endistri enpòtan sa a nan Eta New York pandan m ap asire ke li rive ak sipò rezidan nou yo, gouvènman lokal nou yo epi sitou nan kominote li plis afekte yo."

Senatè Eta John W. Mannion te deklare, "Investisman Micron te toujou plis pase jis pis enfòmètik ak travay - se yon opòtinite inik pou transfòme kominote nou yo epi nou bezwen vwa lokal yo bò tab la pou asire nou byen fè li. Fòmasyon Komite Angajman Kominotè Micron an se yon etap pwisan nan direksyon asire ke yo tandè epi satisfè bezwen kominote a. Ansanm, avèk Micron ak patnè lokal, eta ak federal nou yo, nou ka bati yon avni ki pi briyan pou New York Santral ak kreye opòtinite pou tout rezidan ak kominote nou yo atravè 50èm Distri Sena a."

Egzekitif Konte Onondaga Ryan McMahon te deklare, "Depi nan premye jou a, Konte Onondaga te konnen pi gwo avantaj nou te genyen nan rekrite Micron se te kominote nou an ak istwa nou te gen pou pataje epi se istwa sa a ki finalman te fè Micron kwè nan nou. Micron te toujou fè li klè ke yo te vle fè pati kominote nou an epi ak kreyasyon Komite Angajman Kominotè Micron yo ap pou suiv angajman pa yo. Lè nou angaje lidè lokal yo ak moun ki gen enterè yo, nou pral kontinye kolaborasyon san parèy nou an pou asire ke chak manm kominote a kapab fè eksperyans ak santi investisman istorik Micron ap fè a."

Majistra Syracuse, Ben Walsh, te deklare, "Komite Angajman Kominotè Micron an se yon lòt egzanp Eta New York ak Syracuse k ap trase wout la. Li vle di wòl esansyèl opinyon kominote a nan asire ke kwasans ekonomik kreye opòtinite pou tout moun. Vil Syracuse pral byen reprezante nan komite a pa Majistra Adjwen Sharon Owens ki pwofondman konekte ak bezwen inik moun k ap viv ak travay nan vil la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Sanjay Mehrotra ak tout patnè pwojè yo pou vizyon yo nan kreye fon investisman an ak nan asire ke gen yon estrikti pou kontribisyon siyifikatif nan men kominote a."

Prezidan CenterState CEO, Rob Simpson, te deklare, "Kad Envestisman Kominotè istorik la, ki te negosye kòm yon pati nan akò sa a, reprezante youn nan pi gwo angajman antrepriz ki te janm genyen pou yon kwasans enklizif ak dirab ak avantaj kominotè ki lajman pataje. Nou bat bravo pou valè ak jerans Micron epi nou gen konfyans chak lidè sa yo pral travay avèk Micron ak Eta New York pou asire ke tout moun nan kominote nou an santi pwogrè ak pwosperite sa a. Nou pa ka tann pou nou vin patnè aktif epi sipòte efò sa yo."

Enfòmasyon sou Ko-Prezidan

Melanie Littlejohn ap sèvi kòm Vis Prezidan pou Jesyon Kliyan ak Kominote New York la nan National Grid, kote li responsab pou dirije jesyon pati konsène yo nan tout eta a pou asire ke pwosesis yo, planifikasyon ak pi bon pratik yo toujou delivre yo bay kliyan New York National Grid yo. Li te nan konpayi an pandan prèske 30 ane, epi li te deja te sèvi kòm Direktè Enklizyon & Divèsite pou Operasyon Etazini yo. Littlejohn tou te Direktè Egzekitif Lig Iben nan Konte Onondaga (Urban League Onondaga County). Li te resevwa yon diplòm lisans nan State University of New York nan Stony Brook, ak yon metriz nan Administrasyon Biznis nan Whitman School of Management nan Syracuse University. Littlejohn abite Syracuse epi kounye a li ap sèvi kòm Administratè/Ofisye Onondaga Community College, Konsèy Konsiltatif Biznis pou Federal Reserve Bank of New York (Bank Rezèv Federal nan New York), Konsèy Administrasyon ak Komite Egzekitif CenterState CEO, Konsèy Direktè Fabrikan New York Santral la, Consensus CNY (Manm Komisyon an) ak Konsèy Konseye Lekòl Biznis SUNY Morrisville.

Tim Penix se Vis Prezidan Syracuse Educational Opportunity Center, ki bay pwogram fòmasyon akademik ak pwofesyonèl inovan pou kominote iben Syracuse la. Anvan sa, li te sèvi kòm vis prezidan asosye pou anrichisman akademik nan Morrisville State College. Nan kad lidèchip Penix la, kolèj la te aplike anpil bous detid pou elèv yo epi li te administre pwogram yo pou ankouraje aksè ak divèsite, sa ki te kreye Sheila Johnson Institute ak Academic Enrichment Center (Sant Anrichisman Akademik) nan kanpis la. Li te dirije tou Pwogram Dantre nan Teknoloji Syantifik Kolèjyal (Collegiate Science Technology Entry Program) ak Pwogram Opòtinite Edikatif Arthur O. Eve (Arthur O. Eve Educational Opportunity Program).

Konsènan Micron Technology, Inc.

Nou se yon lidè endistri nan solisyon memwa ak estokaj inovan ki transfòme fason mond lan itilize enfòmasyon pou anrichi lavi *pou tout moun*. Avèk yon konsantrasyon san pran souf sou kliyan nou yo, lidèchip teknoloji, ak fabrikasyon ak ekselans operasyon, Micron delivre yon pòtfevè ki rich pwodui memwa ak estokaj DRAM, NAND ak NOR ki bay pèfòmans elve atravè mak Micron® ak Crucial® nou yo. Chak jou, inovasyon moun nou yo kreye yo alimante ekonomi done a, sa ki pèmèt pwogrè nan entèlijans atifisyèl ak aplikasyon 5G ki debouche opòtinite — soti nan sant done a rive nan periferi entèlijans ak atravè eksperyans kliyan an ak itilizatè mobil. Pou aprann plis sou Micron Technology, Inc. (Nasdaq: MU), vizit [micron.com](https://www.micron.com).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418